

# NYSITELL

## Enfòmasyon Pou Paran Sou Egzamenn Pou Idantifye Elèv K ap Aprann Angle (NYSITELL)

## KI SA NIVO KONPETANS YO VLE DI?

Dapre nivo piti ou nan egzamen NYSITELL a

## KI SÈVIS PITIT MWEN DWE JWENN YON FWA YO IDANTIFYE LI KÒM YON ELÈV K AP APRANN ANGLE OSWA YON ELÈV K AP APRANN NAN PLIZYÈ LANG (ELL/MLL an angle)

Depi yo idantifye pitit ou kòm yon ELL/MLL, li gen dwa pou l resevwa: Edikasyon Bileng (Tranzisyon oswa pwogram De Lang) ak/oswa sèvis pou elèv K ap Aprann Angle kòm Nouvo Lang (ENL an angle). Nivo konpetans pitit ou pa ap detèmine kantite minit sipò (tan li pase nan klas) li dwe resevwa chak semèn. Gade tablo anba a pou jwenn enfòmasyon egzak sou kantite minit li dwe resevwa dapre nivo konpetans li nan lang angle.

| Nivo | Klas K-8 Minit Enstriksyon ENL pa semèn | Klas 9-12 Minit Enstriksyon ENL pa semèn | Elèv Nan Pwogran Bileng |
|---|---|---|---|
| Antre (Debitan) | 360 minit | 540 minit | - 1 kou kominikasyon nan lang matènel<br>- Minimòm 2 matyè debaz bileng |
| Emèjans (Entèmedyè Fèb) | 360 minit | 360 minit | - 1 kou kominikasyon nan lang matènèl<br>- Minimòm 2 matyè debaz bileng |
| Tranzisyon (Entèmedyè) | 180 minit | 180 minit | - 1 kou kominikasyon nan lang matènèl<br>- Minimòm 1 matyè debaz bileng |
| Ekspansyon (Avanse) | 180 minit | 180 minit | - 1 kou kominikasyon nan lang matènèl<br>- Minimòm 1 matyè debaz bileng |

## ON FWA MWEN JWENN REZILTA EGZAMEN YO, KÒMAN MWEN KA EDE PITIT MWEN LAKAY?

- Li pou pitit ou nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou ak/oswa an angle (rechèch yo fè demontre ke li pou pitit ou nan lang ou pale lakay ou, sa ede li devlope ladrès nan lang angle).
- Rakonte pitit ou istwa nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou
- Ale nan bibliyotèk epi prete liv odyo nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou oswa an angle.
- Toujou ale nan reyinyon paran ak pwofesè yo fè nan lekòl la.
- Pran randevou ak pwofesè pitit ou pou jwenn enfòmasyon sou kijan ou kapab ede pitit ou reyisi lekòl.
- Chak jou rezeve on tan pou pitit ou fè devwa li e, si posib, chèche on kote ki trankil pou l travay san distraksyon.
- Planifye pou al nan mize. Mize yo gen gid ki kapab bay pitit ou enfòmasyon sou